

Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

Superintendent of Schools
Rudolph F. Crew, Ed.D.

Miami-Dade County School Board

Agustin J. Barrera, Chair

Perla Tabares Hantman, Vice Chair

Renier Diaz de la Portilla

Evelyn Langlieb Greer

Dr. Wilbert "Tee" Holloway

Dr. Martin Karp

Ana Rivas Logan

Dr. Marta Pérez

Dr. Solomon C. Stinson

28 fevriye 2008

Chè Paran, Gadyen, ak Elèv:

Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) angaje l pou l ofri yon anviwònman pou aprann ki gen sekirite pou elèv, anplwaye, ak manm kominote a. Yon anviwònman parèy pèmèt yo rekonèt, respekte, ak pwoteje dwa chak moun. Nan jou ki te 16 janvyè 2008, Komisyon Konsèy Lekòl la te apwouve revizyon "Code of Student Conduct (COSC)" (Kòd pou Konduit Elèv) la. Yo te devlope COSC a avèk lide plizyè moun ki enterese e li idantifye, rekonèt, ak rekonpanse konpòtman elèv ki egzanplè nan yon kad kote règ ak règleman yo etabli klèman, e yo aplikab.

Revizyon COSC ki revize a sèvi ak yon apwòch total pou pwomouvwa ak kenbe yon anviwònman aprann ki gen sekirite e ki gen ladan patisipasyon aktif elèv, paran/gadyen, ak anplwaye lekòl yo. Anplis, li baze estrateji koreksyonèl li yo sou kwayans k ap suiv yo:

- λ Tout elèv gen valè e yo kab pote bonjan kontribisyon nan sosyete a.
- λ Tout elèv responsab e y ap pote responsablite pou chwa ak desizyon yo.
- λ Pou moun kab grandi ak devlope byen, yo bezwen bonjan sipò ak ankadreman.
- λ Gwo atant pwodui pi gwo pèfòmans ki ranfòse moun e fòtifye sosyete.
- λ Kontinye aprann se yon pwosesis ki dire tout lavi e ki esansyèl pou mennen yon vi ki pwodiktif e rich.


Nan yon efò pou l rekonèt ak pwomouvwa konpòtman pozitif atravè Distri a, M-DCPS fyè pou li lanse "**SPOTsuccess**" (**DETEKTEsiksè**), yon pwogram ki sipòte valè sivik, moral ak etik, ankouraje yon anbyans lekòl ki pozitif, e ranfòse chak kominote lekòl pou rekòtè ekselans nan tout domèn. "**SPOTsuccess**" ap fè tout anplwaye lekòl yo rekonèt ak rekonpanse elèv pou konpòtman egzanplè yo nenpòt lè ak nenpòt kote.

Pou kab wè si yo te rekonèt pitit ou nan sistèm "**SPOTsuccess**" la, ou dwe kreye yon "Parent Account" (yon Kont Paran), si yo pat deja kreye youn pou ou. Pou ransèyman sou sa, ale nan paj Entènèt M-DCPS la nan <http://www2.dadeschools.net/parents/parents.htm>, klike sou "Parent Portal" (Pòtal Paran) e suiv direksyon yo bay sou ekran an. Ou kab kontakte lekòl pitit ou a pou yo kab ede w.

Finalman, mwen mande tout elèv ak paran/gadyen yo pou yo revize e familiarize yo ak enfòmasyon ki nan COSC a. Konnen dokiman sa a ap ede elèv yo devlope ladrès pèsonèl ak sosyal yo bezwen pou yo reyisi nan lavi yo. Anplis, lè elèv konprann sa y ap atann de yo, y ap gen plis chans pou yo pa fè erè; e lè paran/gadyen yo enfòme sou sa moun ap atann de lekòl la, yo kab gide pitit yo pi byen. Elèv ak paran/gadyen kab jwenn vèsyon Anglè dokiman an nan paj Entènèt distri a ki se: <http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/90/index.htm> oubyen ou kab mande yon kopi dokiman an nan lekòl pitit ou a. Vèsyon Espayòl ak Kreyòl dokiman sa a ap disponib byento.

Silvoulè siyen kopi (Atachman A) Atestasyon ki akonpaye lèt la, e retounen li nan lekòl pitit ou a nan espas twa jou ou resevwa li. Nou konte sou patisipasyon ak sipò ou.

Sensèman



Rudolph F. Crew, Ed.D.
Sipèentandan Lekòl yo

RFC/FW:mf/rl
L1004

Atachman

cc: Manm Komisyon Konsèy Lekòl yo
Avoka Komisyon Konsèy Lekòl la

Atachman A

Atestasyon

Chak paran/gadyen yon elèv ak chak elèv ki anwole nan Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) dwe siyen e retounen paj sa a bay lekòl elèv la pou sètifye li resevwa Kòd pou Konduit Elèv la ki nan : <http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/90/index.htm>.

Mwen sètifye mwen resevwa Kòd pou Konduit Elèv la e mwen te li e diskite li ak pitit mwen.

Siyati Paran/Gadyen

Dat

Mwen sètifye mwen resevwa Kòd pou Konduit Elèv la e mwen te li e diskite li ak paran/gadyen mwen.

Non Elèv la

Dat

**SILVOUPLÈ VOYE FÒM SA A BAY
LEKÒL ELÈV LA NAN ESPAS TWA (3) JOU
OU RESEVWA LÈT SA A.**